*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 19-20 (7337-38) РУЗМАН 19 май 2023 сон

12+

## Мемориалияб кьоно рагьана

СВОялда гIахьаллъулаго хварав, хун хадуса Бихьинчилъиялъе гIоло орденги кьурав Муса Мусаев ракIалде щвеялъе ЦIуриб росулъ рагьана мемориалияб кьоно. Гьеб бан буго гьев гьавураб ва гIураб рукъалъул кьеда.




Украинаялда хасаб рагъулаб операция байбихьулеб заманалда Муса Мусаев лъугьана ЧIарада районалдаса хьулухъ гьабулезул кьеразулъе, рагъулаб учение лъугIизабуна Майкоп шагьаралда. Гьелдаса хадуб хьвана контракт Буйнакск шагьаралъул рагъулаб часталъулгун. Хадуб 3-абилеб мотострелковияб дивизиялда гьоркьов гIахьаллъи гьабуна Украинаялда хасаб рагъулаб операциялда.

2022 соналъул 12 маялда Донецк республикаялъул Сладкое росулъ рагъулаб масъала тIубазабулаго Мусаев ккана Украинаялъул рагъулал къуватазул снайперасул кьвагьиялде гьоркье.

ВатIан цIунулаго нилъедаса ватIалъарав ракIалде щвезавизелъун районалъул нухмалъулелгун ва жамагIатчагIигун цадахъ рачIун рукIана Муса цIалараб ЦIуриб СОШалъул директор ва цIалдохъаби, гьединго гIагарал, росуцоял ва гьудулгьалмагъзаби.

Гьеб тадбир рагъулаго ЦIуриб росдал поселениялъул бетIер Муслимат МуртазагIалиевалъ данделъаразда бицана кинав магIнаяв ва бихьинчияв патриот Муса Мусаев вукIаравлъи. Ва абуна кIвар цIикIкIараб иш бугин ракьцоял бахIарзазул гьунарал ракIалде щвезари ва рижараб ракь цIунулаго нилъедаса ратIалъарал кIочон тунгутIи.



*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

## Медсестраялъул Къо

2023 соналъул 12 маялда кIодо гьабула медсестраялъул Къо. Баракатаб ва гьелдаго цадахъ захIматаб буго медсестраялъул хьулухъ. Гьелъие хIажалъула профессионалияб лъай ва гьунар, гIурхъи-рахъ гьечIеб сабру, хIеренлъи, унтарав гIодове виччазавизе бажари, унтаразда букIунеб хIал бичIчIи. Гьел гIаламатал рукIана ва руго киналго захIмалъабазда къимат гьабулеллъун.



Нилъер район бечедаб буго лъикIал медицинаялъулал сестрабазул рахьалъ.

ТIолабго дунялалдаго медицинаялъул сестрабаз жидерго профессионалияб байрам кIодо гьабулеб заманалда бокьун буго районалъул медицинаялъул сестрабазе ракIалъулаб кIудияб баркала кьезе унтараздехун гьезул бугеб ракIбухIараб балагьиялъухъ ва хIажатазе гьабулеб кумекалъухъ, ракIбацIцIадаб захIматалъухъ ва жидерго профессиялъе ритIухълъиялъухъ.

Гьарула гьезие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, кутакаб сабру, бигьаяб гуреб хьулухъалда ракI разияв хIалтIул къоял, унтаразул рахьалъа гIемерал баркалаби!

## Щибаб анкьалъулаб совещание

Районалъул администрациялъул минаялъуб муниципалитеталъул бетIер МухIидин МухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана щибаб анкьалъулаб совещание.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместителал МухIамад ГIумаровас ва ХIусен ГIарабиевас, райадминистрациялъул отделазул бутIруз ва организациялъул нухмалъулез.

Совещаниялда МухIидин МухIамадовас кIвар кьуна цереккун кьун рукIарал тIадкъаял тIуразарун ругеб куцалде ва пикру буссинабуна хадурккун церечIарал масъалабазде.



Лъай кьеялъулгун культурияб отделалъул нухмалъулев Шамил МустIапаевас данделъаразе баян кьуна ГIириб школалъе ва яслиахалъе гьабураб методикияб кумекалъул. Хал гьабуна лъай кьеялъулгун тарбия кьеялъул гIуцIиялъул хIалтIи унеб бугеб куцалъул, интерналалда гIумру гьабиялъул, кванил ва санитарияб рахъалъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьединго баян гьабуна ЦIуриб школалда ахирисеб цIумур 20 маялда кьабизе букIиналъул. Щайин абуни, исана гьеб школалда тIоритIизе руго ОГЭ ва ЕГЭ кьеялъул тадбирал, гьелги байбихьизе руго 24 маялда.

Районалъул бетIерас дагьаб цебе букIараб лъугьабахьинги кьучIое босун тIадал чагIазда лъазабуна районалъул школазда ва лъималазул тIадеги лъай борхизабиялъул централда жиндир заманалда щиб гIиллаялдалъун цIалдохъан дарсиде вачIун гьечIеблъи лъазабизе гьесул эбел-инсуда.

Хадув ОСХЭялъул начальникасул заместитель Пайзудин МухIамадовас баян кьуна гьутабазда гIи кьунцIиялъул ва ветеринариял тадбирал тIоритIиялда хурхун бугеб



ахIвал-хIалалъул ва гьел гьарун хадур гIиял рехьаби риидалил мучIдузде гочине рукIиналъул. Гьединго бицана районалъул магIишатазда унел саранча тIибитIунгутIиялъе гьарулел тадбиразул.

Хадуб районалъул администрациялъул ишазул управляющая Шамай Абакаровалъ лъазабуна июналда муниципалиял хьулухъазул хIалтIухъабазул аттестация букIине бугилан.

## Контракталда рекъон рагъулаб хьулухъ

Дагъистан Республикаялда гIуцIун буго контракталда рекъон рагъулаб хьулухъ гьабиялъе гIолохъаби ракIариялъе тIоцебесеб пункт.

Гьеб пунктазда киналго контракталъулаб хьулухъалъе хIажалъулел документалги хIадурлъун, цо чамго къоялдаса ине бегьула хьулухъ гьабулеб бакIалде. ТIаса рищиялъул пункт буго МахIачхъала шагьаралда Керимовасул къватI, 43 рукъ (Кировскияб районалъул администрациялъул мина).




Пунктазда чIезаризе руго документал хIадуриялъе киналго шартIал. Гьениб гьабизе бегьула собеседованиеги, хьвазе бегьула контрактги. Гьединго бокьарал хIажатал суалазе жавабалги щвела гьениса.

Пункталъул аслияб масъала ккола рагъулаб хьулухъалде контракталда рекъон хIажатал документал хIадури ва хехаб куцалда рагъулаб хьулухъ гьабулел бакIазде гьел ритIи.

МухIканал баянал гьаб адресалда щвела:

**МахIачхъала шагьар, Керимовасул къватI, 43 рукъ (Кировскияб районалъул администрация).**

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО – 9 МАЙ КIОДО ГЬАБУЛАГО

# Кьорош школалда

Кьорош росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубаялъул хIурматалда линейка.

Гьеб байбихьана РФялъул гимналда гъоркь Бергьенлъиялъул байрахъ цебе босиялдалъун.

Учительзабаздагун цIалдохъабазда цадахъ байрамалъул тадбиралда гIахьаллъи гьабуна СВОялъул гIахьалчагIазул улбул Алпият МухIамадовалъ ва ПатIимат ХIажиевалъ, педагогияб захIматалъул ветеранал ХIажи МухIамадовичас ва Байзат Камаловналъ, гьединго росулъ гIумру гьабулезги.

Рагъулаб форма ретIарал цIалдохъабазул церерахъиназ ракIалде щвезаруна рагъда рукIарал захIмалъабазул ва бахIарчиял ишазул. Гьезда хунхун рикIкIана гIемерал кучIдулги.

Хасго рекIее асар гьабуна Жавгьарат ХIасанхIусеновалъ СВОялда гIахьаллъулаго нилъедаса ватIалъарав рагъухъан ГIабдулмуслим ГIалибеговасде гьабураб 4 классалъул цIалдохъанас рикIкIараб кочIоца.

Школалъул директор ХIасан Хизрибеговас киналго гIахьаллъаразда баркана бадиб магIуги хулун тIобитIулеб рохалилаб байрам – КIудияб Бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубай ва бицана гьенир рачIарал СВОялъул гIахьалчагIи МухIамад МухIамадовасул ва Руслан Апандиевасул. Гьезие къвакIиялъухъ ва бихьинчилъиялъухъ директорас кьуна баркалаялъул кагътал.




«Гьале ахиралде щолеб буго нужее ВатIаналда рукIине кьураб къокъабго отпускалъул заман. ГIемер кватIичIого нуж ине руго тIадаб хъулухъ тIубазабизе. КIудияб саламги бицун рагъулал гьалмагъзабазда абе: кIочон тоге – ниж чIухIарал ругин бахIарчиял ватIанцояздаса. Нижеца гьарулеб буго хехго рагъги лъугIун, нуж бергьенлъиги босун нахъруссаги», - ян абуна школалъул директорас.

Жиндирго иргаялда МухIамад МухIамадовас баркала кьуна киналго ракьцоязе жидер гьабулеб адаб-хIурматалъухъ ва рагIи кьуна росуцояз гьарурал насихIатал, абарал хинал рагIаби, кьурал тIадкъаял рагъулал гьалмагъзабазухъе щвезаризе.

Хадуб киналго цадахъ ун тIугьдузул гор лъуна рагъда камурал васал ракIалде щвеялъе Кьорош росулъ бараб памятникалда цебе.

Гьениса тадбиралъул гIахьалчагIи цадахъ ана Гьачада росулъ бараб памятникалде аскIоре. Гьенире ракIарун рукIана росдал гIадамал ва ГIабдулмуслим ГIалибеговасул гIагарлъи. Гьениб памятникалда цебеги лъуна тIугьдузул гор.

Ахиралда рагъда камурал васазе жамагIаталъ гьабуна дугIа.

***Щивасул рекIеда хутIила нижее ракълилаб гIумруги эркенлъиги кьун рагъда камурал васал.***

# Гьилиб школалда

КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубаялъул байрам рохалида кIодо гьабуна Гьилиб росдал гьоркьохъеб школалда.



Гьенир ракIарана росдал поселениялъул администрациялъул хIалтIухъаби, учительзаби, цIалдохъаби ва байрамалда гIахьаллъизе рачIарал росуцоял.

Байрамалъул линейка рагьана школалъул директор АхIмад Жарулаевас. Гьес бицана нилъер ВатIаналъе КIудияб Бергьенлъиялъул къоялъул бугеб кIваралъул. Хадуб тадбиралда цIалдохъабаз бихьизабуна рагъулаб темаялдаса сценка, рикIкIана ва ахIана Бергьенлъиялъул къоялда хурхарал кучIдул. КIудияб гьунаралдалъун гьезда кIвана цебечIезабизе рагъда букIараб ахIвал-хIал.

Минуталъулаб сихIкъотIиялдаса хадур киналго ана КIудияб ВатIанияб рагъда хваразе бараб памятникалда цебе тIугьдузул гор лъезе.





Ахиралда тIобитIана рагъулал тунка-гIусиязда гIахьаллъулаго нилъедаса ратIалъарал ракIалде щвеялъе гIоло спорталъулал къецал, рачана велосипедалгун мотоциклал.

# Медсестраялъухъ гьоболлъухъ

Медицинаялъул сестраялъул Къо баркизе ЧIарада районалъул руччабазул Советалъул председатель ГIайшат Халилова цадахъ СМИялъул хIалтIухъангун гьоболлъухъ щвана гьабсагIаталда мустахIикъаб хIалхьиялда йигей гIемерал соназ медсестралъун хIалтIарай Шамилова ПатIимат МухIамадовналъухъе.



Шамилова ПатIимат гIемерал соназ ракIбацIцIадго хIалтIана ЧIарада районалъул медицинаялъул хъулухъалда батIи-батIиял участкабазда. Гьелъул хIакъалъулъ гIемерал хинал рагIаби абулел руго цо нухалданиги гьелъухъе сахгьаризе ккараз.

Гьаюна ПатIимат 1940 соналъул 3 марталда ЧIарада районалъул ЦIенеб росулъ. Гьениб байбихьул школаги лъугIун, цIализе лъугьана Магъар аслияб школалде, гьоркьохъеб лъаялъул аттестат щвана ГIириб гьоркьохъеб школалда.

Хадуб ПатIиматица хIукму гьабуна Буйнакскиялъул медицинаялъул училищеялде цIализе ине. Медсестраялъул диплом щун хадуй гьей хIалтIизе лъугьана районалъул больницаялде, чамалиго соналдаса хIалтIизе ана ЦIенеб медпункталде, хадуй гIемерал соназда хIалтIана Муккукь росулъ.

Жийго Муккукь росулъа йикIиналдалъун ГIайшат Халиловалда лъикIго лъалеб буго ПатIимат Шамилова жидер гIагараб росулъ хIалтIулей йикIараб заман.

«Гьей цIакъ йокьулаан гIадамазе унтараздехун бугеб бербалагьиялъухъ, рацIцIалъи цIуниялде кьураб кIваралъухъ, хIеренлъиялъухъ ва тIадкъараб ишалдехун букIараб ракIбацIцIадаб бербалагьиялъухъ. Сордокъоялъул бокьараб заманалда рачIарал унтаразе кумекалъеги ПатIимат кидаго хIадурай ятулаан. Гьей йикIана лъикIай насихIатчIужу ва кьолаан гIунбачIунеб гIелалъе гIакълабиги», - ян бицана ГIайшатица.

Жиндирго хIалтIараб заман ракIалде щвезабулаго ПатIиматица бицана гIемерал захIмалъаби дандчIвалел рукIанин. Лъелго магIарда унтарал гIухьбузул хъизаназухъе лъимал унтун ине ккolaан сордо бащалъараб заманалда, рукIана хIужжаби авлахъазда лъимер гьабизе ккеялъулги. «Кин бугониги, сундухъго балагьичIого бажарараб куцалда кумек гьабулаан хIажатазе, рокъоб букIараб кIудияб хъизамалъухъ балагьизе заман дагьаб гурони щоларoан», - ян абана ПатIиматица.

БетIергьанчи АхIмадгун ПатIиматица гIезабуна 6 лъимер. Киназего кьуна тIадегIанаб ва хасаб гьоркьохъеб лъай. Гьезул хъизан районалда лъалаан гIицIго лъикIаб рахъалдаса. Гьез гIахьаллъи гьабулаан районалда тIоритIулел культуриялгун бичIчIи кьеялъул тадбиразда батIи-батIиял номералги хIадурун.

Эбелалъул нухдасан ана гьелъул яс Зубайдат, районалъул поликлиникаялда хIалтIулей. ПатIиматица гьелда цадахъ гьабулеб буго гIумру.

ГIайшат Халиловалъ районалъул руччабазул Советалъул рахъалдаса ПатIиматие кьуна баркалаялъул кагъат. Гьелда хъван бугоан медицинаялъул хъулухъалда гIемерал соназда ракIбацIцIадго хIалтIиялъухъ абун.

***Щулияб сахлъи ва халатаб гIумру дуе, ПатIимат Шамилова.***

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО – 9 МАЙ КIОДО ГЬАБУЛАГО

# Эбел-инсуда баркана

Бергьенлъиялъул Къо – 9 маялъул байрам баркизе районалъул администрациялъул вакилзаби щвана СВОялъул гIахьалчи, хун хадуса Бирагъда букIине бугеб ахIвал-хIал цебеккунго лъалеб гьечIониги, жиндиего бокьун, сундухъго балагьичIого, жиндирго бихьинчияб ми-



хьинчилъиялъул орденалъе мустахIикълъарав Муса Мусаевасул эбел-инсухъе.

Гьалбаз кIалъа-басай гьабуна хварасул эбел-инсулгун, гьикъ-бакъ гьабуна гьезул сахлъиялъул бугеб ахIвал-хIалалъул, цойги нухалда гьваридаб пашманлъиялъул зигара бана гьезда.

Районалъул бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиевас баркана гьезда Бергьенлъиялъул къо, гьарана гьезие сабру ва къвакIун чIей.

«Нужер цо вукIарав вас, салги бихьизабун ана ВатIан цIунизе. Гьесда лъалеб букIана ракълилаб заманалдаго гIадин нужер жидеда хадуб ракI лъезе букIин, гьесул рукIана гIемерал анищалги. Амма гьеб кинабгоги рехун тун, гьев тIоцебесеб иргаялда ана улкаялда цебе жиндирго налъи тIубазабизе.

Гьев хIинкъи-къай лъачIев рагъухъан киналго ракьцоязул ракIазулъ цIунун хутIила», - ян баян гьабуна районалъул бетIерасул заместителас.

# СВОялъул гIахьалчиясулгун дандчIвай

Магъар гьоркьохъеб школалда дагьаб цебе букIана Украиналъул ракьалда унеб СВОялда хъулухъ гьабулев вугев гвардиялъул сержант МухIамад Шамилович ХIусеновасулгун дандчIвай.

Рагъухъанас кIалъа-басай гьабуна цIалдохъабаздехун, бицана Россиялъул солдатазул бергьенлъабазул, гьез гьарулел бахIарчиял ишазул ва щивас армиялда тIадаб рагъулаб хъулухъ гьабизе ккеялъул. ЦIакъ кIвар цIикIкIараб иш бугин абуна МухIамадица ВатIан бокьи ва гьелъ цере лъурал масъалаби тIуразари.

ДандчIвай букIана гIажаибаб ва ракIалдаса унареб.

ХьинтIана нилъерго солдатазе тылалда ругез гьарулел ругел кумеказдаги.

«Хинал рагIабиги хъван ракьцояз, цIалдохъабаз ритIулел кагътаз ва посылкабаз щивав рагъухъанасул ракI бохизабулеб ва рухI борхизабулеб буго», - ян абуна ХIусеновас.



Школалъул директор ГIумар МуртазагIалиевас баян гьабуна гьадинал дандчIваяз кумек гьабулеб бугин цIалдохъабазул цIалуда хадургъей лъикIлъизабиялъе ва гьезие тарбия кьеялъе. ГIун бачIунеб гIелалъулги рекIелъе чIухIи бачIунеб бугин жидерго улкаялдехун.

«Нижер школалда цIаларав МухIамад ХIусеновасул мисалалда ва гьес бицунеб хабаралдаса жакъа цIалдохъабазда лъана, унго-унгояб бахIарзал нижгун цадахъ рукIин. БахIарчилъи, хIинкъи гьечIолъи ва ВатIаналде рокьи – гьел хасиятал ккола унго-унгояв бихьинчиясул», - ян абуна МуртазагIалиевас.



# Мемориалияб къоно рагьана

***(Байбихьи 1-аб. гьумералда)***

Хадуб районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас ва Мусал вукIарав лъикIав гьудул Шамил МухIамадовас бахъана мемориалияб къонолдаса ххам. Данделъаразда МухIидин МухIамадовас бицана гIагарав чияс гьабураб кIвар цIикIкIараб ишалъул.

«Мусаца живго вихьизавуна ВатIан бокьулевлъун, РФялъул, Дагъистаналъул ва чIарадисезул унго-унгояв вас вукIин ва бихьизабуна щивав сахав чи вукIине кколеблъи хIинкъи-къай гьечIев ва таваккалаб хасиятальул. Улка цIуни тIадаб налъи буго нилъ киналго рахьина ВатIан цIунизе. Кидагосеб рецц ва хIурмат нилъер бахIарзазе», - ян абуна районалъул бетIерас.

ЦIуриб росдал поселениялъул депутатазул Советалъул председатель, Мусал росуцояв Ярбилав Ярбиловас рагъухъанасул хIакъалъулъ гIемерал хинал ракIалде щвеял рицана. «Нижер Муса вукIана цIакъ ритIухъав ва ракIбацIцIадав чи. Киналго гьалмагъзабаз, росуцояз ва гьев лъалел рукIаралщиназ лъикIаб къимат кьолаан гьесие. Гьев кидаго кумекалъе ватулаан хIажатазе. Гьесул рукIарал лъикIал хасиятазул



щивав гражданинасул. Муса вукIана тIоцевесев жиндиего бокьун, рокьоб эбел-инсуда ва хъизаналда дандбачIого, рекIеда ккун СВОялда хъулухъ гьабизе арав чи. Гьесда лъан букIана ВатIаналъе жив хIажат вукIин. БитIараб буго киназего бокьула жидерго гIагарал чагIи аскIор рукIине ва сах-саламатго рокъоре руссине. Амма рагъда кинабго гуро нилъее бокьухъе букIунеб. ВатIанги цIунизелъидал кколеб. Киналго рокъор кIусани, улкаялъул гIорхъаби лъицаха цIунилел? БачIунгеги гьелде иш, амма тIаде къо ккани,




гIемераб бицине бегьула. Гьев камуна цохIого гIагарлъиялъе гуревги тIубараб районалъегоги», - ян абуна Ярбилав Ярбиловас.

Рагъухъанасул гIагарай яс Фатима Мажидовалъ цIалана мустахIикъай артистка ва поэтесса Жавгьарат ХIасанхIусеновалъ гьабураб пашманаб кечI. Гьеб буссинабураб букIана бахIарчиясул гIумруялде.

ЦIалдохъабаз ва митингалда гIахьаллъараз тIугьдул лъуна мемориалияб къоноялда цере.

Цинги киналго бахIарчиго рагъда хварал ракьцоязе гьабуна дугIа. Аллагьас къабул гьабеги.

Хадуб данделъарал ана СВОялда гIахьаллъулаго хварал нилъерго ракьцоязул баннералде аскIоре ва гьенирги цере лъуна махI гьуинаб сиреналъул тIугьдузул квацIаби.

РакIалде щвезариялъул тадбир лъугIана баннералда аскIоб цадахъаб сурат бахъиялдалъун.

# Унеб буго призывалъулаб кампания

15 маялда РФялъул рагъулал къуватазда хъулухъ гьабизе ЧIарада районалдаса ана 5 гIолохъанчи. Гьезул киназго мухIканаб медицинаялъулаб хал гьабиги тIобитIана.

Районалъул бетIер, призывалъулаб комиссиялъул председатель МухIидин МухIамадовас районалъул рагъулав комиссар МухIамад МухIамадовасгун ва призывалъулаб комиссиялъул членазгун цадахъ хал гьабуна призывниказул документазул. Гьелъул мурад букIана хъулухъ гьабизе унел лъималазул сахлъи унго-унгоги лъикIаб бугищали лъазаби.

Гьелдаго цадахъ рукIинесел солдатаздехун гьабуна гарачIвари, насихIатал, бицана Улкаялда цебе гражданинасул налъи тIубазаби цIакъ кIвар



цIикIкIараб ва хIурматияб иш букIиналъулги.

Исана ихдалилаб призывалъулаб кампания байбихьана 1 апрелалда ва халатбахъине буго 15 июлалде щвезегIан.

Армиялда ва флоталда хъулухъ гьаби – хIурматияб налъи буго Россиялъул гражданинасул, гьелдаса дагьаб гуро пайда-хайир букIине бугеб хадубккун гIумру гьабиялъе.

***Нужее нух битIаги гIолохъаби ракIбацIцIадго ВатIаналда цебе налъи тIубазабизе!***

# ВатIан цIунизе ана цо рокъоса ункъояв

**ЧIарада районалъул Магъар росулъа ункъо вац НухI (1910-1957 с.с.), ГIабдула (1919-1945 с.с.), Басир (1922-1982 с.с.) ва ТIагъир (1917-1944 с.с.) ВатIаналъул ахIуе жавабги гьабун КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъизе ана. Гьезул кIигояв нахъруссана рокъоре, кIигояв араб бакI лъачIого тIагIана.**

**ТIагъир ва ГIабдула армиялда хъулухъ гьабизе ана 1938 соналда. 1941 соналда КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьун хадур гьел гьениса ана рагъде. ЧIарада райвоенкоматалъул ахIиялда рекъон 1941 соналда витIулев вукIана НухI, гьесда цадахъ ВатIан цIунизе живги витIеян гьарана гIумруялъул 19 сон бугев Басирицаги.**

ГIали ва ПатIимат ГIалиевазул хъизаналда рукIана 5 вас ва 2 яс: ГIабдулкъадир, ТIагъир, ГIабдула, НухI, Басир, Асият ва Муъминат.

1904 соналда гьавурав бищун кIудияв **ГIабдулкъадир** хIалтIулев вукIана райком партиялъул тIоцевесев секретарлъун, кигIанго гьесие бокьун букIаниги гьитIинал вацалгун цадахъ рагъде ине, гьесие изну кьечIо райондаса къватIиве ине, щайгурелъул райкомалъул секретарал районалъе хIажат рукIана.



**ГIабдулаца** армиялде инегIанго лъугIун букIана медучилище. Рагъде гьев ахIун вукIана ЧIарада райвоенкоматалъ. Хъулухъ гьабулеб букIана 346 къвагъдохъабазул полкалда. Рагъулаб чин – сержант. Рагъдаса гьев нахъвуссинчIо. 1945 соналда гьесул цIаралда бачIана хун вугилан кагъат.

**ТIагъир** вукIана мугIалим. Хъулухъ гьабулеб букIана III-бригадаялда. Рагъулаб чин – капитан, ротаялъул командир. Араб бакI лъачIого тIагIана.

**НухI** рагъ лъугIун хадув цIалана Ленинградалъул финансазулаб академиялда. Нахъвуссун хадув хIалтIана ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъ. Хадув вачIана гIагараб районалде ва хIалтIулев вукIана ЦIуриб росулъ Госбанкалъул управляющийлъун. Хвана 1957 соналда.

**Басирица** гIахьаллъи гьабуна Сталинградалъулаб рагъда, щвана Берлиналде. Рейхстагалъул къеда гьесда батана «Здесь был Алиев Нух Алиевич с. Магар Чародинского района» абураб хъвай-хъвагIай ва гьеб батана Басир вачIиналде цебесеб къоялда гьабураб. Гьес тирана тIубараб шагьар, валагьулев вукIана вац чIагоязда ва хваразда гьоркьов, амма Берлиналда вацал дандчIвачIо.

Басирил рагъулаб чин – лейтенант. Руго гIемерал шапакъатал, гьездаго гьоркьор БагIараб цIва орден, ВатIанияб рагъул тIоцебесеб степеналъул орден, «Кавказ цIуниялъе гIоло», «Рагъда гьарурал хъулухъазухъ» медалалги. Рагъ лъугIун хадув гьев хIалтIулев вукIана Москваялъул областалда комендантлъун.

Хадув вачIана гIагараб районалде. ХIалтIана РайОНОялъул заведующийлъун. ХIалтIизе витIана колхозалъул партгIуцIиялъул секретарлъун. Сонал ун хадуса хIалтIизе байбихьана ЦIуриб школалда тарихазул (историялъул) учительлъун. Хвана 1982 соналда.

«Кин дуда кIвараб 4 вас рагъде витIизе, цохIониги магIил гороцин тIинкIичIого», - ян гьикъун буго ГIалиевазул эбелалда.

***«ВукIаравани дир цойги ункъо вас, гьелги ритIизе рукIана ВатIан цIунизе»***, - ян жаваб гьабун буго ПатIиматица.

Гьединал къвакIарал рукIана руччаби ЧIарада районалда.

Фашистазул Германиялда тIад Советазул Союзалъ Бергьенлъи босиялъулъ цо бихьулеб бутIа лъуна ЧIарада районалъги.

БахIарчиял рагъухъабазул гьунарал нижер ракIазулъ цIунун хутIизе руго абадиялъго. Гьеб гьедин букIиналъе нугIзаллъун руго ЧIарада районалъул щибаб росулъ ран ругел обелискалгун памятникал, гьез цойги нухалда ракIалде щвезарулел руго доб заманалда хIинкъикъай гьечIого нилъерго ракь ва рекъел цIунарал цIа гIадал гIолохъабазул цIарал.

**Щивго кIочон гьечIо ва щибго кIочон гьечIо.**

# Казахстаналда ящур

Ящур буго вирусаз щвезабулеб, захIматаб, бахунеб ва хехго тIибитIулеб гIибоцIул унти. Ящуралъ унтула кIикIвекьал щанкIлал ругел хIайванал: гIи-цIани, чIегIербоцIи, гамщал, ритIучIал, вараниял. Гьелъ унтизе бегьула гIадамалги, хасго гIисинал лъимал.

Ящур тIибитIун буго дунялалъул батIи-батIиял улкабазда: Азиялда, Африкаялда, Бразилиялда ва цогидалги Африкаялъул континентазда. Ящур букIана Грузиялда, Армениялда, Туркмениялда, Таджикистаналда ва Киргизиялда. Гьанже гьеб тIибитIун буго Казахстаналда. Россиялда ящур букIана 2012 абилеб соналъ ва Дагъистаналда 1972-1973 соназда.

Ящуралъул вирусазул буго 7 батIияб тайпа (тип): А, О, С, сат-1, сат-2, сат-3, Азия-1. Исана баккун буго киданиги букIинчIеб сат-2. Гьеб тайпа буго бищунго хIинкъи бугеб, захIматаб ва хехго тIибитIулеб. Вирусалъул тIабигIаталъул буго батIи-батIиял шартIазда батIи-батIияб дандечIей. Масала, вирус хола 65 градусалде щвезегIан хинлъизабураб рахьдалъ 35 минуталдаса, гьализабураб рахьдалъ – гьебсагIатго. ХинлъигогIадин гьелъие бокьуларо цIекIлъиги. Вирусалъе бокьула цIорой. МагIарухъ мучIдузда гьеб хвечIого хутIула тIубараб соналъ, чIараб лъелъ 103 къоялъ, цIорозабураб гьаналъ ва ракьулъ лъагIелалъ. ХIайваналъул расулъ ва гIадамазул ратIлилъ вирус хвечIого цIунун хутIула 50-100 къоялъ.

Ящур щола унтараб хIайваналдаса ва гьелъ вирус къватIибе рехула хIацIуялда, рахьдада, кIващуда, гьизалда ва хIухьелалда цадахъги.




Унти щвезе бегьула хIуралда цадахъ вирус ккараб лъедаса, кIалцIи-хералдаса, гIадамазул ретIел-хьитаздаса. Руго хIужжаби хIанчIаз вирус 80 км манзилалде щвезабуралги. Вирус чорхолъе ккун хадуб унти загьирлъизе гьоркьохьеб хIисабалда бала 5-7 къо, амма гьеб заман 3 анкьиде щвезегIанги халат бахъизе бегьула. Унти иналъул буго кIиго батIияб къагIида (форма): бигьаго унеб ва захIматаб, ай хвалил хIинкъи бугеб. ЧIахIияб боцIи унтула бигьаго. Унтул хасиятал: цIа-кан 40,5-41,5 бахин, кваниде гьира дагьлъи, лъогI бахьи (рагIбай) лъугIи ва хадуб хIацIу чвахизе байбихьи. КIиго-лъабго къоялдаса, магIарзул къалазда жаниб, кIутIбузда раккула гIисинал жаниб лъим бугел кьучIби. Гьелго тIамула нуцIабазда ва бохазул щанкIлазда гьоркьорги. Байбихьула гьел рекъдизе. Унтизе бегьула цересел бохдул, яги нахъисел, унтула цадахъго ункъабго бохги. Дараби гьарун хадуб чIахIияб боцIи сахлъула, амма кIиго моцIруде щвезегIан заман барал гIисинал бачал ва кьагIи хвезе бегьула бакь-чехьалъул унтабаз.

ЗахIматаб куцалда унтаразул хасияталги уна тIадехун рехсаразулго гIадин, амма унтарал хIайванал мадарлъичIого хIал хисун рекIел унтабаз тамах гьарула ва хола.

ГIиял унтиги боцIулго гIадин уна, амма гьеб уна бигьаго. Хвезе бегьула гIицIго гIисинал кьагIи.

Ящуралъ унтарал гIачиязул гьаличIеб рахь гьекъани яги ругьун бугеб бакIалде вирус ккани гIадамалги унтула, хасго гIисинал лъимал. Унти загьирлъула вирус чорхолъе ккун хадуб 2-10 къо ун хадуб. ГIадамазул унтул хасиятал: цIа-кан борхи черхалъул ччорбал ва бетIер унти, кIутIбузда кьучIби (пузырки) ракки. Унти дарабазде ва сах гьариялде балагьун кIиго анкьидасан моцIалде щвезегIан халат бахьине бегьула.

Ящуралъ гьабула цIакъго цIикIкIараб экономикияб зарал ва гьеб ккола: хун ва хъун тIаса ин, хIалакълъун гIи-боцIул нигIматал (гьан, рахь, квас) дагьлъи. Масала, гIачиязул рахь дагьлъула 50-70 проценталъ, ветеринариялгун санитариял ва карантиналъул хIалтIаби гьарун арал харжал чIегIербоцIул цо хIайван рикIкIун 1400-1700 гьурщиде бахъуна.

Ящур щвечIого букIиналъе гьаризе ккола тадбирал:

- Ящур щвеялъе хIинкъи бугеб кинабго гIи-боцIуе унтуде данде чIарал прививкаби гьари;
- ГIи-боцIул кинал ругониги бича-хисаби, хасго район тун къватIиса ветеринариял хIалтIухъабазда дандбачIого ва ветеринарияб документ гьечIого риччангутIи;
- Ящуралъул унти бугел бакIазде (хIукумат, республика, район), хасго Казахстаналдехун магIишатиял ва кинал ругониги гьоркьорлъаби кьотIизари;
- Законалда рекъон гIибоцIул бетIергьабазда тIадаб буго рихьизарурал унтабазде, хасго хIинкъи бугезде данде чIарал прививкаби гьаризе, гьелъие транспортги кумекги чIезабизе. Гьелъие инкар гьабуразе буго бихьизабураб гIакIа ва ккани уголовнияб тамихIалдеги цIала. Лъазе ва бичIчIизе ккола гIи-боцIуе гьарулел прививкаби ветеринариял хIалтIухъабазе къваригIарал жал гуреблъи, гьел руго нужерго гIи-боцIи цIуниялъе гьарулел.

Ящуралда хурхун ветеринариял хIалтIухъаби хIадурал руго гьеб хIалтIи гьабизе, буго вакцина, хIалтIуе къваригIарал алатал. Буго райадминистрациялъ ящуралда хурхун гьабураб хIукму (постановление) ва план. Гьел киналго росабазул советазде ритIун руго. КъваригIун буго хIалтIи гIуцIизе ва рагIалде бахинабизе.

Ящур буго захIматаб, хехго тIибитIулеб ва кIудияб зарал кьолеб унти, цIуне гьелдаса нужерго боцIи.

***И. АТАБЕГОВ,***
*ветуправлениялъул начальник,*
*ДРялъул ва РФялъул мустахIикъав ветврач*

ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

# Байрамалде рачIунаго

Бергьенлъиялъул Къо – 9 маялъул байрамалде рачIунаго рехсей гьабула ЧIарада районалдаса КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалча-




гIазул гIумруялдаса тарихазул. КигIанго нилъее бокьун букIаниги гьединал нилъеда аскIор хутIун гьечIо.

Жакъа хъвазе буго Кьорош росулъа ГIабдулвагьаб Дибировасул хIакъалъулъ.

Нилъер бахIарчи фронталде ккана КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда райцентралда тIобитIулеб букIараб учение лъугIун хадув.

Гьениб гIахьаллъи гьабулеб букIана районалъул росабалъа гIолохъабаз, гьездаго гьоркьов вукIана 1921 соналда Кьорош росулъ гьавурав ГIабдулвагьаб Дибировги.

1941 соналъул ахиралда иргадулаб учение лъугIун хадуб ГIабдулвагьабида лъазабуна мун армиялда хъулухъ гьабизе ине вугилан.

20 сон барав рагъухъан армиялде унел 10 гIолохъанчигун цадахъ витIун вукIана Буйнакскиялда букIараб Ленинградалъул рагъулаб училищеялъул филиалалде. Амма гIурус мацI лъалеб гьечIолъиялда бан гьезул ункъояв нахъего витIана.

Гьелдаса хадув, дагьабго заманалдаса ГIабдулвагьаб жеги вачана армиялде ва Дагъистаналъул 300 призывникгун цадахъ витIана Гьоркьохъеб Азиялде, хадув РикIкIадаб Востокалде. Дова Кубаналъул рекIаразул корпусалда цадахъ Дибировги витIана учебнияб лагералде ругьун гьавизе, гьенир гьел хIадур гьарулел рукIана рагъде.

Хадур ругьунги гьарун, нилъер бахIарчи ва цадахъ хъулухъ гьабулел рахьинаруна эшелоналде ва ритIана Белоруссиялдехун. Бихьизабураб бакIалде щвезе гьез нухда бана 45 къо. Гьенире щун хадур гьел рехана Белоруссиялъул рохьазде, рагъулел рукIана Белоруссия эркен гьабизелъун.

Иргадулаб рагъул тункагIусиялдаса хадув ГIабдулвагьаб захIматаб ругъунгун ичIабилеб кьоялда ватана рохьов, хадув гьев ккана сах гьавизе Москваялъул госпиталалде, гьениса витIана Гус-Хрустальный шагьаралде ва хадувго Нижний Тагилалде.

Госпиталазда 9 моцI бан хадув комиссиялъ гьев рагъда гIахьаллъизе бажаруларевлъунги чIезавун витIана рагъулаб заводалде хIалтIизе. Ругъназдаса сахлъун лъугIичIев рагъухъанасе захIмалъана гьенив хIалтIизе ва гьев тIамуна заводалъул ФЗОялъул тарбиячиясул хъулухъалде.

Дагьабго заманалдаса гьев хIалтIулеб заводалде битIун бачIараб кагътида хъван букIана кадраби гIоларого рукIиналда бан гьев жиндирго районалде витIеян.

ВатIаналде тIадвуссаравго 1944 соналда Дибиров тIамуна росдал Советалъул председательлъун. Гьелдаса хадув 1990 соналде щвезегIан, хIалхьиялде инегIан хIалтIана районалъул батIибатIиял школазда мугIалимлъун.

1985 соналда СССРалъул обороналъул Министерствоялъул бихьизабиялдалъун Дибировасе кьуна Отечественнияб рагъул II даражаялъул орден. ГIабдулвагьабица хъизаналъгун цадахъ гIезаруна ва лъай кьуна 3 лъимадуе. Гьес жигар бахъана гьел киназего тIадегIанаб лъай щвезабиялъе.

Рагъда щварал унтабаз кIвекIулев вугониги, ГIабдулвагьабица жигар бахъана, гIумруялъул ахирисел соназде щвезегIан росдае ва росуцоязе ракIбацIцIадго хъулухъ гьабизе, жиндирго гIумруялъул хIалбихьи кьуна гIун бачIунеб гIелалъе.

***Ниж чIухIарал руго ва чIухIизеги руго бахIарчиго къеркьарал, ВатIаналъе гIоло хъулухъ гьабурал киналго ракьцояздаса ва гьезул бахIарчиял ишаздаса.***

***1941-1945 соназда КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул, гьенир бахIарчиго хваразул ва рагъдаса руссун хадур ВатIаналъе гIоло хIалтIаразул цIарал нижеца наслабаз наслабазухъе кьун рекIелъ цIунизе руго.***

# Рагъул гIахьалчи

Разакъов МухIамадтIагьир гьавуна 1910 соналда ЦIулда росулъ.

Гьесул 6 сон тIубараб мехалда хвана эмен. 17 сон ба-



рав МухIамадтIагьир цIализе лъугьана гьеб заманалда Кьорош росулъ рагьун букIараб гIолилазул рекьарухъабазул школалде. Гьебги лъугIизабун цIализе лъугьана Буйнакскиялда бугеб Авар педучилищеялде. Диплом щварабго хIалтIизе байбихьана учительлъун ГIириб, хадуб Мощоб школазда.

Гьесул лъикIаб лъайги жигарчилъиги бихьун гьел соназда райисполкомалъул председателлъун вукIарав Кьорош росулъа МухIамадхан МухIамадовас МухIамадтIагьир вачуна секретарасул хъулухъалде. Хадуб МухIамадтIагьирил бажари бихьун вачуна КПССалъул райкомалъул агитациялъулгун пропагандалъулаб отделалъул заведующийлъун хIалтIизе.

Кив хIалтIаниги гьес тIад къараб хIалтIи ракIбацIцIадго тIубазабуна. Доб букIана 1942 сон КIудияб ВатIанияб рагъ Кавказалде гIагарлъулеб заман. Гьеб заманалда МахIачхъалаялда букIараб киналго миллатал данделъараб, фашистазда данде чIеялъулаб митингалда республикаялъул нухмалъулез, магIарулазул рахъалдаса вакил хIисабалда кIалъазе ихтияр кьуна Разакъов МухIамадтIагьирие. Гьесул кIалъай рекIее гIуна митингалда гIахьаллъаразе, гьесие халат бахъараб хъат чIвана. Ахиралда митингалда гIахьаллъаразе хитIаб гьабуна: «Рахъа тушманасде данде рагъизе, гурхIел гьечIеб кьаби щвезабизе тушбабазде! ЧIахьаги Совет Союзалъул халкъазда гьоркьоб вацлъиялъулаб гьудуллъи», ЧIахьаги кIудияв Сталин!».

Гьебго 1942 соналда пагьму-гьунар бугел политрукал хIажат рукIиналъ гьев витIула Тифлисалде курсазде цIализе. Гьел курсал лъугIун гьев витIула Севастополалде ротаялъул политруклъун, хадусала витIула Керчь шагьар цIуниялъул рагъде, гьенив захIматго лъукъула ва ккана Ростовалъул госпиталалде. Гьелдасан хадув витIула МахIачхъалаялъул госпиталалде.

Рагъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе гIоло мустахIикълъана «БагIараб цIва орденалъе», «За отвагу» ва гIемерал медалазеги. Росулъе тIадвуссаравго сахлъун хадув хIалтIана учительлъун: Гьочоб, ГIурухъ-СотIа ва хадув ЦIулда росулъ. 1998 соналда гьев нилъедаса ватIалъана. Алжан насиблъайги МухIамадтIагьирие.

***ХI. ГIУМАРОВ***

# <u>ЦIулда росу.</u> Ракълил ва рагъул соназда

1934-1935 соназда гIуцIана мискиназул комитет. Хадубго гIуцIана мискиназул цолъиги, нухмалъи гьабулел рукIана Мусаев ГиралхIажи ва Хаджалов ГIизудин. 1935 соналда гIуцIана Чапаевасул цIаралда бугеб колхоз, 1936 соналда колхозалъул комсомолазулаб организация, секретарлъун вукIана ХIабибов МухIамадхIабиб, колхозалъул председательлъун МухIамадов МухIамадрасул.

ЦIикIкIараб хIалтIи гьабулеб букIана организациялъ руччабазда гьоркьоб. Гьеб заманалда колхозалъул букIана 600 гIиялъажо ва 40 чIегIерхIайван. Колхоз гIуцIиялъе жигарчилъи бихьизабуна: ХIасанов НасухIица. Росдал Советалъул председательлъун хIалтIана: Гираева ГIайшат, АсхIабов Нажмудин, ХIасанов НасухI, МухIамадов СагIит.

Гьеб захIматаб заманалда «МачIуб» абулеб колохъ бана ферма, 1941 соналда «Гъогъода» абулеб колохъ бана ферма. Гьеб заманалда магIишаталъул букIана 120 чIегIерхIайван.

1927-1928 соназда рагьана байбихьул школа ТIихIмал ХIажиясул рокьоб. Хадуб эхетана «ГIуртIа» абулеб бакIалда школалъе мина. Гьеб заманаялда учительзабилъун хIалтIана ГIабдула Садуев – Гьочоса, ГIисаев ГIабдула – Ругъжаса, Халикъов МухIамад – Кьорошиса, ХIажилов ХIажи – Лъалухъа, Разакъов МухIамадтIагьир, Салманов ХIусбудин, Салманов МухIамад – ЦIулдаса. Гьоркьохъеб моцIрул харж – 17 гъурущ букIана. 1950 соналда рагьана 8 сонилаб школа, учительзабилъун хIалтIана Разакъов МухIамадтIагьир, Загьиров Абакар, Салманов ХIусбудин, ИсмагIилов МухIамад.

1953-1966 соназда микьго сонилаб школалда директорлъун хIалтIана СугIралъа Сахралов МухIамадтIагьир – гьев вукIана гIакълу лъай бугев чи гьес бана тIасияб школа гьанже гьеб буго медресеялъул мина. 1966-1975 соназда директорлъун хIалтIана ГIабдурахIманов МухIамад. 1975-2008 соназда директорлъун хIалтIана ХIусбудинов Шарапудин, гьесул жигаралдалъун бана гьоркьияб школа.

1941 соналда рагъде ана 65-ялдаса цIикIкIарав чи, нахъвуссана 33 чи, армиялдаса рачIунаго нахърусаразул каранда кенчIолел рукIана медалал. ЦIулда росулъа рукIана БагIараб Армиялъул рагъухъабиофицерал А. ШугIайбов, Разакъов МухIамадтIагьир, Исупил ГIабдурахIман, МухIамадзагьир ИсмагIилов, Абакар Загьиров, вацал АхIмад ва МухIамад МухIамадрасуловал, Ж.Ахбердилов.

11 эбелалъ армиялде витIана кIи-кIи вас. ЦIулда росдал жамагIаталъ фронталде битIана 10 хъабарча, 7 буртина, 20 хинал хьитал, 25 щватаби, гьединго 1500 гъурущ гIарац, 15 гIиялъажо, 45 кг хIан, 25 кг нах, 40 кг бакъвараб гьан. Гьединго ХIайдаров МухIамадтIиловас жиндирго гIака кьуна.

КъучIдасанго хисана росдал гьумер, тIадегIанаб лъай бугел руго 90, гьоркьохъеб лъай бугел 65.

ГьабсагIат росулъ буго медпункт, клуб, библиотека, ясли-ах, 9 сонилаб школа.

***ХIажи ГIУМАРОВ***

# О проведении профилактического мероприятия «Месячник безопасности «Безопасные дороги детям»»

В целях профилактики детского дорожно-транспортного травматизма, закрепления знаний правил дорожного движения, выработки устойчивых практических навыков безопасного поведения на дорогах у детей, в преддверии летних каникул, требую:

1. Начальникам УГИБДД, УОДУУПиПДН, территориальных органов МВД России на районном уровне;

1.1. Провести в период с 8 по 31 мая 2023 года «Месячник безопасности «Безопасные дороги детям»», согласно утвержденным Приказам «О закреплении сотрудников Госавтоинспекции за образовательными организациями» в образовательных организациях.

2. Начальникам территориальных органов МВД России на районном уровне.

2.1. Подготовить и утвердить план проведения мероприятий;

2.2. С привлечением юных инспекторов движения организовать и провести в дошкольных и общеобразовательных организациях мероприятия (беседы, практические занятия с использованием мобильных автогородков, лабораторий безопасности), направленные на профилактику детского дорожно-транспортного травматизма с обязательным охватом основных категорий: дети-пассажиры, дети-пешеходы, дети-велосипедисты, средства индивидуальной мобильности (далее – СИМ);

2.3. При выявлении фактов управления несовершеннолетними авто и мототранспортных средств без водительского удостоверения, перевозки детей в возрасте до 12 лет без детского удерживающего устройства *(в случае выявления фактов когда перевозку осуществляет родитель, либо законный его представитель определяемый действующим законодательством РФ, копию составленного административного материала и объяснения водителя направлять в профильные службы УУП и ПДН),* нахождения несовершеннолетних на проезжей части дороги в ночное время без сопровождения взрослых, привлекать родителей (законных представителей) к административной ответственности по ст. 5.35 КоАП РФ;

2.4. В местах продажи и аренды СИМ, разместить тематические памятки с полной информацией о разрешённых местах для их использования, листовки с пунктами правил дорожного движения для велосипедистов, буклеты с советами по выбору защиты и важности применения световозвращающих элементов;

2.5. Принять участие в проведении итоговых родительских собраний, на которых акцентировать внимание родителей на обязательное применение ремней безопасности и детских удерживающих устройств при перевозке детей в салоне автомобиля, использование световозвращающих элементов;

2.6. По согласованию с сотрудниками отделения по пропаганде безопасности дорожного движения Управления Госавтоинспекции МВД по Республике Дагестан организовать выступления в средствах массовой информации и размещение в печатных изданиях информации по обеспечению детской дорожно-транспортной безопасности, направленной на популяризацию использования детских удерживающих устройств и световозвращательных элементов под девизом «Сохраните жизнь детям!», «Автокресло детям!», «Будь заметен»;

2.7. Организовать размещение в средствах массовой информации материалов;

2.8. О результатах проделанной работы проинформировать Управление Госавтоинспекции МВД по Республике Дагестан в срок до 6 июня 2023 года, (контактное лицо – Пирмагомедов Заур Адирович, через сервис электронного документооборота СЭД) тел. 99-63-95.

3. Контроль за реализацией указания возложить на начальника Управления Госавтоинспекции МВД по Республике Дагестан полковника полиции А.Ю. Шалагина.

4. Срок действия настоящего указания установить до 01.06.2023 г.

***Врио заместителя Министра – начальника полиции полковник полиции А.А. КУЛИЕВ***

# Впервые Управлением Россельхознадзора по Республике Дагестан выявлена многоядная муха-горбатка

Управлением Россельхознадзора в текущем месяце проконтролирован ввоз 15033,8 тонн растениеводческой продукции.

В зону ответственности Управления по месту доставки на СВХ «Виадук» поступило из Республики Азербайджан и Исламской Республики Иран 10762 тонн овощей и 4271 тонн фруктов.

Так впервые не была допущена к ввозу подкарантинная продукция - табачное сырье в количестве 15 тонн, прибывшая из Азербайджанской Республики.

Основанием поступило заключение Дагестанского филиала ФГБУ «ВНИИКР», которым подтвержден факт выявления карантинного вредного объекта - многоядной мухи-горбатки. За нарушение ФЗ № 206 «О карантине растений» владельцы грузов привлечены к административной ответственности по ст. 10.2 КоАП РФ «Нарушение правил ввоза и вывоза подкарантинной продукции». В отношении растениеводческой продукции принято решение о возврате грузов в страну экспортера.

Многоядная муха-горбатка крайне опасный вредитель запасов. В 2014 году включена в Перечень карантинных объектов, отсутствующих на территории Российской Федерации, для территории Евразийского экономического союза, куда входит и Российская Федерация.

При наличии благоприятных экологических условий и отсутствия должных карантинных и санитарных мер, существует высокий риск проникновения вредителя на территорию РФ.

Данный карантинный вредный организм представляет огромную угрозу для запасов урожая плодово-ягодных и овощных культур, здоровья животных и человека, способен нанести ощутимый экономический ущерб производителям сельскохозяй-



ственной продукции.

Муха-горбатка опасна для человека, т. к. является переносчиком смертельных заболеваний, способна поражать кишечник, открытые раны и слизистые оболочки, а также может вызывать инфекционные и паразитарные недуги (миазы).

***Марина МУРСАЛОВА, начальник отдела Управления Россельхознадзора по Республике Дагестан, заслуженный работник сельского хозяйства***

# Хъизамалъул Къоялде

Халкъазда гьоркьосеб хъизамалъул Къо байрам баркизе ЧIарада районалъул ЗАГСалъул бетIерай специалист-эксперт ГIайшат Халилова цадахъ районалъул Культурияб рукъалъул методист Рашидат ГIалиасхIабовагун щвана ЦIуриб росулъа МухIамадовазул гIолохъанаб хъизаналда яс гьайи баркизе ва гьей гьайиялъул хIакъалъулъ свидетельстваги кьезе.



«Лъимер гьаби – гьеб кIудияб рохел ва хIикмат буго. Гьарула ЧIарада районалда гIумру гьабулей цIияй ясалъе талихIаб гIумру, гьелъул эбел-инсуе рохел, рокьи ва сахлъи», - ян абуна А. Халиловалъ ва байрамалъул хIурматалда эбелалъе кьуна тIугьдузул квацIигун ракIалде щвеялъе сайгъат.

# ОГИБДД ОМВД России по Чародинскому району информирует:

С 16 по 25 мая 2023 года, Госавтоинспекцией МВД по Республике Дагестан проводятся рейдовые мероприятия, направленные на выявление автомобилистов, у которых светопропускание стекол автомобиля не соответствуют требованиям Технического регламента о безопасности колесных транспортных средств.

Будет проведена профилактически-разъяснительная работа о принимаемых мерах в случае невыполнения законного требования сотрудника полиции о прекращении противоправных действий.

При проведении рейдов сотрудники Госавтоинспекции обращают внимание на выявление водителей, управляющих транспортом с нанесением тонировочного покрытия на лобовое и передние боковые стекла, любителей всевозможных «шторок», съёмных пленок и прочих предметов, ограничивающих видимость.

Госавтоинспекция напоминает, что данное правонарушение влечет административную ответственность в виде штрафа в размере 500 рублей. В случае неподчинения водителя законному требованию сотрудника полиции устранить недостаток в установленный срок, к нарушителям применяется штраф в размере от 2000 до 4000 рублей, либо административный арест на срок до 15 суток, либо обязательные работы на срок от 40 до 120 часов.

## АВТОКРЕСЛА ДЛЯ ДЕТЕЙ: ГРУППЫ, ПРАВИЛА, РЕКОМЕНДАЦИИ. ПАМЯТКА ДЛЯ РОДИТЕЛЕЙ

Каждому современному взрослому известно, что перевозить детей в автомобиле без детского кресла небезопасно.

«Перевозка детей в возрасте младше 7 лет в легковом автомобиле и кабине грузового автомобиля, конструкцией которых предусмотрены ремни безопасности либо ремни безопасности и детская удерживающая система ISOFIX, должна осуществляться с использованием детских удерживающих систем (устройств), соответствующих весу и росту ребёнка», – гласит пункт 22.9 правил дорожного движения РФ.

Но вопросы к безопасности детей в автомобиле на этом не заканчиваются. О том, какие автокресла бывают, почему вообще необходимо использовать детское удерживающее устройство, а также какие действия родителей небезопасны для ребёнка при перевозке в личном транспортном средстве, новая памятка Центра по профилактике ДДТТ Института воспитания.

**Как перевозить детей в автомобиле?**

Детей от рождения и до 12 лет рекомендуется перевозить в детском удерживающем устройстве (ДУУ).

Ребёнка до 1 года необходимо перевозить в ДУУ спиной по ходу движения автомобиля, чтобы избежать опасного «кивка» головой при резких торможениях.

Нельзя перевозить детей на руках: при столкновении, даже при небольшой скорости автомашин, вес маленького пассажира увеличивается в несколько раз, и удержать его на руках крайне сложно.

**Какие бывают детские кресла?**

Детские удерживающие устройства должно соответствовать росту и весу ребёнка. По этой причине все устройства делятся на 5 групп.

Группа 0 предназначена для малышей от рождения до 6 месяцев и рассчитана на рост до 70 см и вес до 10 кг.

Группа 0+ используется для детей от рождения до 1 года, рассчитана на рост до 75 см и вес до 13 кг.

Группа 1 – от 9 месяцев до 4 лет, рост 75-110 см, вес 9-18 кг.

Группа 2 – 3-7 лет, рост 95-150 см, вес 15-25 кг.

Группа 3 – 6-12 лет, рост 130-135 см, вес 22-36 кг.

Важно: Адаптер ремня безопасности или «направляющая лямка» и бескаркасные автокресла не являются ДУУ и не рекомендуются к использованию.

Детское удерживающее устройство/автокресло должно быть сертифицировано. Качественное автокресло должно соответствовать стандартам безопасности ECE 44-04 или 129 i-Size.

**Как установить детское автокресло?**

Устанавливать ДУУ нужно на заднем пассажирском сиденье посередине. Если же есть необходимость установить на переднем пассажирском, то действует два правила: отключите подушку безопасности; отодвиньте переднее пассажирское кресло максимально назад.

Благодарим за сотрудничество!

***Начальник ОМВД России по Чародинскому району М.С. САЛАМОВ***
***Исп. Д.М. МУРТАЗАЛИЕВ***
***№ тел. 8962-222-68-00***

# Акциялдехун цолъун

ЧIарада районалъул тIадеги лъай кьеялъул Централда тарбия щварал лъимал



цолъана ТIолгороссиялъулаб «Знамя Победы» акциялдехун, жибги буссинабураб КIудияб ВатIанияб рагъда Советияб халкъалъ босараб бергьенлъиялда.

Педагогазгун цадахъ лъималаз къачIана жидерго мина, гьединго ВОВалъул ветераназул рукъзал Бергьенлъиялъул Байрахъ тIад бахъарал баннераздалъун, рахъана гьединал хъизаназул «Бергьенлъиялъул Байрахъалда» аскIор берцинал суратал ва кодоб Бергьенлъиялъул Байрахъгун, улкаялъул байрахъалгун свердана райцентралъул къватIахъ.

Гьеб акция гIуцIараб букIана нилъер рагъухъабазул тIадегIанал бергьенлъабазул хIурмат гьабизелъун ва 1941-1945 КIудияб ВатIанияб рагъул соназда ВатIаналъул чияда бай гьечIолъи ва эркенлъи букIинабуралъухъ.

«Бергьенлъиялъул Байрахъ» - гьеб буго Советияб халкъалъ фашизмалъул халкъалда тIад босараб КIудияб бергьенлъиялъул гIаламат.

# ЧIарада районги цолъана



«Георгиевская лента» абураб щибаб соналда тIобитIулеб ТIолгороссиялъулаб акциялдехунги цолъун, ЧIарада районалъул лъималазул тIадеги лъай борхизабулеб Централда тарбия щолез педагогазгун, администрациялъул хIалтIухъабазда, районалъул учреждениязулгун организациязул, гьединго къватIахъ данде ккарал щиназда рана рагъулаб реццалъул ва рагъухъанасул бахIарчилъиялъул гIаламат «Георгиевская лента».

Акция тIобитIулеб тIоцебесеб къоялда лента бана районалде рачIарал Россиялъул Героял МухIамад БагIачиловасда ва Валерий Куковасда.

«Георгиевская лента» акция тIобитIула ВатIан цIунулаго хварал ракIалде щвезариялъул мурадалда ва гьеб ккола гIун бачIунеб гIелалъухъе нилъер умумузул бахIарчиял ишал щвезарилъун ва гьезул хIурмат гьабилъун.

# Къецал тIоритIана

Дагъал цере къоязда ЦIуриб росулъ сахгьариялъулабгун физкультурияб комплексалда батIияб чIаголъи букIана. 9 Маялъул хIурматалда тIоритIулел



рукIана торгIо хIаялъул къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул 5 школаздаса кIи-кIи командаялъ.

ХIай байбихьилалде цебе ДЮСШалъул директор Расул АхIматIиловас ва гьесул заместитель Шамил МухIамадовас спортсменазда баркана нахъа тараб КIудияб Бергьенлъиялъул байрам. Гьезул щивас бицана КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер рагъухъабаз Бергьенлъи босиялъе гIоло гьарурал бахIарчиял ишазул, советиял рагъухъабазул къвакIиялъул, гьезул ВатIаналдехун букIараб кутакаб рокьиялъул хIакъалъулъ тарихалъул.

Гьединго бицана хIинкъизкъай лъаларел нилъер гIолохъабаз Украинаялда СВОялда гIахьаллъулаго, ракълилаб зобалда гьоркь нилъер киназего рахIатаб гIумру букIинабиялъе гIоло гьарулел ругел бахIарчиял ишазул.

Соревнованиялъул хIасилал гьарулаго ясазул командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалде бачIана – ЦIуриб, кIиабилеб – Магъар ва лъабабилеб – ГIириб. Васазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна – гIирисез, кIиабилеб – цIурисез ва лъабабилеб – гIирисез.

Бергьаразе ва призалъулал бакIал ккурал командабазе кьуна дандрекъон кколел дипломал ва медалал.

Соревнованиялъул гIахьалчагIаз бицана гьадинал хIаяз пропаганда гьабулеб бугин чIагояб хIаязе, гьел лъугьунел ругин рахIат гьабиялъе ва спорталъулаб рахъ цебетIезабиялъе, сахаб гIумру букIинабиялъе, физическияб рахъалъ къвакIараб гIел гIезабиялъе сабаблъун, гьединго гьелъ щулат гьабулеб бугин районалъул школазул цIалдохъабазда гьоркьоб гьудуллъигиян.

# Профилактикияб тадбир

№36 пожарнияб частальул хIалтIухъабаз профилактикияб тадбир тIобитIана



ЦIуриб лъималазе тIадеги лъай кьолеб Централда. Тадбир тIобитIулаго гьез ЦДО-Далъул хIалтIухъабазул лъай-хъвай гьабуна миналялда жанир ракIалда гьечIел лъугьа-бахъинал ккараб заманалда гьаризе тIадал тадбиразулгун. Пожарниказ кIвар кьун бихьизабуна цIа свинабиялъе ругел алатал битIун хIалтIизаризе кколеб къагIидаялъул. ЦДОДалъул хIалтIухъабазул пикру буссинабуна миналдаса къватIире иналъе нухал рукIинаризе кколеб куцалде, эвакуация гьабиялъе гьел кидаго хIадурун рукIине кколеблъиялде.

# Контракт хъвазе бокьани

Контракталда рекъон хъулухъ гьабизе ине бокьараз кин гьеб хъвазе кколеб? Жидерго улка ва халкъ ракълида цIунизе бокьаразе регионалда чIезарун руго социалияб рахъалъ батIи-батIиял бигьалъаби, гьел киналго контракталда рекъон хъулухъ гьабулезе щвезеги руго, гьелъие гарантияги буго.

Контракталда рекъон хъулухъ гьабизе ине бокьараз жидерго документал: паспорт, рагъулаб билет (гьеб батани), ригьин гьабиялъул хIакъалъулъ свидетельство, (лъимал ратани, гьезул свидетельстваби), цIалул хIакъалъулъ документги гьел киналго документал рихьизаризе ккола контракталда рекъон хъулухъ гьабизе унезул пункталда. Гьединго гIарза битIизе бегьула хасаб сайталде (СЛУЖБАПОКОНТРАКТУ.РФ) яльуни госуслугабазул порталалде. Нужерго суалалгун кIалъазе бегьула




117 телефоналъул номералда горячияб линиялде.

2022 соналъул 21 сентябралдаса хадуб ва цо лъагIеладаса дагьаб гьечIеб заманалда контракт хъвараз кьезе бихьизабун буго 195 азарго гьурущ гIарацги. Контракт хъвазе бегьулеб буго цо, лъабго ва щуго соналъе. Заман бихьизабун букIуна контракталда.

# ЦIулда – 9 маялъул Къо

ЦIулда росулъ 6 маялда школалъул майданалде ракIарун рукIана цIалдохъаби, учительзаби, росдал захIматчагIи. Гьел данделъана 9 май – Бергьенлъиялъул Къо кIодо гьабиялда хурхун тIобитIулеб тадбиралда.

Школалъул коллектив цебеккунго хIадурун букIана гьеб тадбиралде – берцинго плакатаздалъун къачIана школалъул майдан, парпалел рукIана байрахъал, кьеда рана ЦIулда росулъа КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул суратал.

Гьеб данделъиялда кIалъазе рахъана школалъул директор Хандулаев Арслан ва захIматалъул ветеран ГIумаров ХIажи.

Хадур щибаб классалъул цIалдохъабаз рикIкIана ВатIанияб рагъда хурхарал ва рагъда гIахьаллъаразул хIакъалъулъ хъварал кучIдул ва декламациял. ЦIалдохъабаз хоралъ ахIана Расул ХIамзатовасул «Къункраби» абураб кечI. Ахиралда мажлисалъул гIахьалчагIаз КIудияб ВатIанияб рагъдаса нахъруссинчIезе бараб памятникалда цере цIалдохъаби-отличниказ лъуна тIугьдул ва берцинго къачIараб тIугьдузул гор.

БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО – 9 МАЙ КIОДО ГЬАБУЛАГО

# Бергьенлъиялъ 78 сон тIубаялъул хIурматалда

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 78 сон тIубаялъул ва ЧIарада районалдаса СВОялда гIахьаллъулезул хIурматалда Уйташ росулъ тIобитIана мини-футболалъул къецал. Гьалбадерида гьоркьор рукIарал Россиялъул БахIарчи МухIамад БагIачиловас ва СВОялъул гIахьалчи, Бихьинчилъиялъул орденалъул кавалер Марат Халикъовас баркиялъул кIалъаял гьаруна.






Къецазда гIахьаллъи гьабуна 12 командаялъ. Турнир тIобитIиялъе хIажалъулел киналго харжал жиндаго тIаде росана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат СагIдулаев МухIамад Мухтаровичас.

Чемпионаталъул хIасилал гьарулаго тIоцебесеб бакI ккуна «Мокъсоб» командаялъ, кIиабилеб бакI «Мугурухъ» командаялъ ва лъабабилеб бакIалъе гIей гьабуна «ЦIуриб» командаялъ.



Бергьарал командабазе кьуна кубокал, медалал ва гIарцулал сайгъатал. Гьединго къиматал сайгъатазе мустахIикълъана турниралъул лъикIав гьужум гьабулев ХIамзат (ФК «Мокъсоб»), лъикIав защитник ХIапиз (ФК «Мугурухъ») ва лъикIав вратарь Багьадур (ФК «ЦIуриб»).

Турниралъул гIахьалчагIаз ва тIаде балагьизе рачIараз баркала загьир гьабуна турнир гIуцIаразе ва гьелъие спонсорлъи гьабурав МухIамад Мухтаровичасе.

# Байрамалъул хIурматалда

КIудияб Бергьенлъиялъул Къо – 9 маялда ЧIарада районалда тIоритIана чуял рекеризе риччаялъул ва цогидалги спорталъулал къецал.

Рорхатал мугIрузул Мощоб росдада аскIоб бугеб гьавабакъ рекъараб, берцинаб тIабигIат бугеб майданлъиялде ракIарун рукIана чуязул рекери ва цогидалги спорталъулал къецал рокьулел районалда гIумру гьабулездаса 300 чи.






Чуязул 4 батIиял тайпабазда гьоркьор, ай «чистокровная», «полукровная», «горная» ва «иноходец», гIуцIун рукIана къецал. Жидерго тайпабазда бергьана Содаса Рамазан Дамадаевасул чу, 2-3-4 абилел бакIал дандрекъон кколедухъ щвана Гьидиса МухIамад Сиражудиновасул, ХIажи МухIамадовасул ва ЧIарадаса Рамазан ГIалиевасул чуязе.

КIудияб къец букIана цогидал спорталъулал хIаязда гьоркьорги. ГамачI рехиялъулъ бергьенлъи босана Карзимбег ГIисаевас (ЦIуриб), гиря борхиялъулъ бергьенлъи щвана ГIабдула Ибрагьимовасе (ГIириб), чIараб бакIалдаса кIанцIиялъулъ лъикIаб хIасил бихьизабуна Ражаб ГIалиасхIабовас (ЦIуриб) ва чIорбутI речIчIиялъулъ чIел босана Къудус ГIумаровас (Гьочоб).

Спорталъул къецал унел ругеб куцалда хадуб хал кколеб букIана районалъул администрациялъул физическияб культураялъул ва спорталъул суалазул рахъалъ бетIерав специалист Мурад МухIамадовас ва ДЮСШалъул директор Расул АхIматIиловас.

Тадбир гIуцIиялъе ва гьеб тIобитIиялъе цо бихьулеб бутIа лъуна «Ас-салам» газеталъул хIалтIухъабаз.

Гьалбал ва тIолалго гIахьалчагIи тIабигIаталда хIадурараб тIагIамаб пловалдалъун ва самоваралдаса чаялдалъун квана-гьекъезеги гьаруна. Тадбир гIуцIараб къагIидаялда ва аваданго ана.

## *Авар кицаби ва абиял*

- Росдал гIадат хвеялдаса, гIадатаб росу хвей лъикIаб.
- Росдаца хIелеку хъуни, хIарпиеги бутIа кьезе кколеб.
- Росу бихьун си борхатаб бай.
- Росо кIодо, ясал гIемер.
- Росогун дагIбадани, чиякълъула, чIужугун дагIбадани, кваникълъула.
- Росдал анцIилъ, бол нусилъ.
- Росулъ гьудул гьаве, нухда гьалмагъ ккве.
- Росулъе унти я базарганасул гьираца бачIунеб, я гьардухъанасул квачIица бачIунеб.
- Росасда лъади лъабго къоялъ юхIулейила, чIужуялда рос лъабго моцIалъ вухIулевила.
- Рохьдолъ чIа. (Халкъалъ гьабураб гьабе).
- Рохьобе кватIи гурони пайда гьечIилан абун буго гьадица.
- Рохьобе тIил босуге, тIилаца хур бекьуге.
- Роцадаса цIикIкIун чуги кIанцIуларо.
- Роцен гьечIеб тIох ханасулги букIунареб.
- РоцIцIагиян цIцIани, цIад багиян буртIал.
- РоцIцIада ракI чIоге, гIорцIалида божуге.
- Ругьунаб оцалъ гIадин хур бекьуларо.
- Рукъ гьечIесда чи лъала, чед гьечIесда мацI лъала.
- Рукъ къваридав чи – лъади квешав чи.
- Рукъ лъухьараб мехалъ хIур бахъунеб гIадат.
- Рукъалъ басра гьавурав къватIалъ цеве кколаро.
- Рукъалъ бетIергьанчи гуро берцин гьавулев, бетIергьанчияс рукъин.
- Рукъалъул къварилъи къадада лъала: Дир рекIел къварилъи дидаго лъала.
- Рукъалъул кIудияв мехтичIони, бертин бетуларо.
- Рукъалъул кIалтIа хIелекоги багъула.
- Рукъалъул хIал лъималазда лъала; КъватIалъул хIал гIабдаласда лъала.
- Рукъи бай каратI кIодолъилалде, дару гьабе унти халалъилалде.
- РукIниб букIун гьулгьудун, гьалбацIалъ чан чIваларо.

ЧIАРАДА
БетIерай редактор
Земфира МухIамадова
Жавабияв секретарь
Къасум Чахиев
ГьитIинай редактор
Манарша Расулова
Корреспондент
Шахзанат Шамсудинова
Набор - Ираисат МухIамадгIалиева
Редактор-стилист
Аминат ГIабдурахIманова

Газета гIуцIарал:
«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
Учредитель:
Администрация муниципального образования «Чародинский район»

Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда
Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.
Заказ №____

Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ.
Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5
Тираж 1000

Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз

Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 16 гьур. Печаталъе гьулбасана 16:00с. Гьулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*